

GID POU DWA AK OPSYON POU SWEN SANTE W YO




DWA AK OPSYON POU MOUN KI PA GEN ASIRANS YO

KISA OU DWE KONNEN?

MOUN KI ABITE NEW YORK KI PA GEN PAPYE LEGAL PA ELIJIB POU PIFÒ ASIRANS SANTE YO
MEN, OPSYON SWIVAN YO DISPONIB KÈLKESWA ESTATI IMIGRASYON W TA GENYEN:

- **Anka dijans**, Emergency Medicaid kouvri swen dijans pou moun ki abite New York ki gen revni ki fèb e ki pa elijib pou Medicaid akòz estati imigrasyon yo.
- **Fanm ansent ki pa gen papye legal** elijib tou pou jwenn swen ak pwoteksyon asirans konplè atravè Medicaid pou Fanm Ansent ak Adolesan (yo te rele oparavan PCAP) ak Pwogram Ekstansyon pou Planifikasyon Fanmi (Family Planning Extension Program, FPEP).
- **Timoun ki gen pi piti pase 19 lane** kapab benefisye Child Health Plus kèlkeswa estati imigrasyon yo epi menm si yo paka jwenn Medicaid.
- **Moun k ap viv ak VIH/SIDA** kapab jwenn aksè nan Pwogram Asistans pou Medikaman SIDA (AIDS Drug Assistance Program, ADAP).
- **Tès depistaj GRATIS pou kansè nan Kolon, nan Kòl Matris ak nan Tete** pou moun ki abite New York ki pa gen asirans oswa ki gen asirans ki pa kouvri sèvis sa yo. Tanpri rele **1-866-442-CANCER** (1-866-442-2262) oswa vizite: www.health.ny.gov/diseases/cancer/services.
- **Pou swen ki pa ijan yo**, moun ki abite New York ki pa gen papye legal kapab itilize Opsyon HHC a, yon plan ke Health & Hospitals (sistèm lopital piblik la) ofri ki detèmine peman abòdab selon revni ou. *Tanpri sonje sa pa yon asirans.*



PWOFESYONÈL SWEN SANTE YO PAKA REFIZE BA W SÈVIS

LOPITAL PIBLIK AK SANT POU SWEN SANTE KOMINOTÈ YO OBLIJE BAY SÈVIS MENM SI MOUN NAN PA KAPAB PEYE PRI TOTAL SWEN AN.

LOPITAL PIBLIK (Health + Hospitals)
Pou w jwenn yon lopital piblik toupre w la, **RELE 311** oswa ale nan www.nychealthandhospitals.org/contact



SANT SWEN SANTE KOMINOTÈ
Pou w jwenn yon sant swen sante kominotè toupre w la, **RELE 212.279.9686** oswa ale nan www.chcanys.org

NOU KAPAB EDE W TOU

**ACCESS
HEALTHNYC**
COMMUNITY IS THE KEY

@ACCESSHEALTHNYC

KISA POU M FÈ SI M GEN YON IJANS MEDIKAL

KISA OU DWE KONNEN?

OU GEN DWA POU W RELE 911 POU JWENN YON ANBILANS EPI POU YO MENNEN W LOPITAL POU W JWENN SWEN MEDIKAL NAN KA DIJANS, **MENM SI W PA GEN ASIRANS OSWA PAPYE LEGAL.**

- **Travayè sèvis swen dijans (EMS) yo pa gen dwa kesyone w sou estati imigrasyon ou** ni yo pa gen dwa nonplis pou yo rapòte estati imigrasyon w bay okenn otorite gouvènman san pèmisyon ou.



- **Gen yon lwa minisipal ki mande pou anplwaye vil yo pwoteje enfòmasyon konfidansyèl yo**, ki gen ladan l estati imigrasyon, konsènan moun k ap chache sèvis nan vil la, tankou sèvis sistèm lopital piblik nan vil nou an bay yo (Sante + Lopital).



KI KOTE ANBILANS LAN PRAL MENNEN OU?

Anbilans lan dwe mennnen ou nan lopital ki pi pre a ki kapab ba w swen an.



ÈSKE W KAPAB MANDE POU YO MENNEN W NAN YON LOPITAL PATIKILYE?

WI! Sèvis EMS yo gen yon "Règ Dis Minit." Ou kapab mande pou yo mennnen w nan yon lopital si li pa a yon distans ki depase dis minit parapò ak kote yo ta dwe mennnen w lan.



RELE COMMUNITY HEALTH ADVOCATES (DEFANSÈ SWEN SANTE KOMINOTÈ YO) NAN 888.614.5400

Pou w jwenn èd sou kòman pou w reponn kesyon sou swen medikal ijan yo ak kòman pou rezoud pwoblèm potansyèl ki genyen ak bòdwo medikal ki gen rapò ak swen nan sal ijans (ER) yo.

ÈSKE YON SAL DIJANS KAPAB REFIZE BANM SWEN SI M PA GEN ASIRANS?

Non, lwa leta ak lwa federal yo pwoteje tout pasyan ki bezwen swen pou ka dijans yo.



- **Lwa sou Tretman Medikal Dijans ak Travay Aktif [Emergency Medical Treatment & Active Labor Act] (EMTALA)** pwoteje dwa w pou w jwenn swen ak tretman pou estabilizasyon lè w bezwen atansyon medikal pou ka dijans.

- **Lwa sou Refòm Sèvis Medikal Dijans [Emergency Medical Services Reform Act] (EMSRA)** se yon lwa pou Eta New York ki anpeche lopital yo abandone oswa transfere pasyan yo nan fason ki pa nòmal.

LOPITAL LA:

- dwe ba ou menm tès depistaj la ak menm tretman ke l t ap bay nenpòt moun ki ta gen menm sentòm yo.
- pa kapab transfere w nan yon lòt lopital. Ou dwe jwenn tretman pou estabilizasyon- ki vle di se pou yo diminye posibilite pou kondisyon w yo vin pi mal.

OU GEN DWA POU W REFIZE TRETMAN AN

men se sèlman aprè lopital la fin fè w konnen risk ak avantaj tretman ak egzamen an genyen yo

NOU KAPAB EDE W TOU

DWA W POU JWENN SWEN SANTE NAN LANG OU PALE A

KISA OU DWE KONNEN?

TOUT MOUN KI ABITE NEW YORK GEN DWA POU YO KOMINIKE NAN PWÒP LANG YO.

DEPI 2006, ETA NEW YORK LA GARANTI DWA W:

- Si w pa pale Anglè, oswa si ou plis konprann yon lòt lang, ou gen dwa pou w jwenn èd gratis nan men yon entèprèt lè w vizite lopital la, sant swen sante kominotè yo, klinik yo, ak Medicaid oswa lòt biwo pou avantaj piblik yo.
- Moun ki gen pwoblèm vizyon, tandè oswa lapawòl gen dwa pou yo jwenn sèvis entèpretasyon ak tradiksyon gratis.
- Yo dwe ba w yon entèprèt nan 20 minit oswa mwens nan lopital la, ak nan 10 minit oswa mwens nan Sal Dijans lan.
- Lopital yo pa gen pèmasyon pou yo itilize zanmi, fanmi pasyan an oswa moun ki pap travay nan lopital la pou fè entèpretasyon, amwenske se pasyan an ki mande èd yo.
- Ou gen dwa pou w refize itilize yon entèprèt ki nan lopital la, men yon moun k ap aji antanke entèprèt dwe gen omwen 16 lane daj.



KISA OU DWE SIVEYE EPI MANDE?

- Asire w ke pwofesyonèl swen sante a make lang prefere w la ak bezwen ou genyen pou sèvis nan lang nan dosye medikal ou a.
- Asire w ke dokiman yo ba w yo tradwi nan lang ou pale a.
- Yo dwe ba w enfòmasyon sou asistans lang gratis.



KISA W KAPAB FÈ, SI W GEN YON PWOBLEM?

Mande pou w pale ak yon administratè lopital la. Si sa pa mache, ou ta dwe fè yon plent.

POU W JWENN ÈD POU PLENT LAN RELE:

KOMISYON KI TRETE ZAFÈ KI ANRAPÒ AK SISTÈM SWEN SANTE PIBLIK LA (COMMISSION ON THE PUBLIC'S HEALTH SYSTEM)

646.325.5317


NOU KAPAB EDE W TOU

EMERGENCY MEDICAID

IMIGRAN KI PA GEN PAPIYE LEGAL YO KAPAB RESEVWA “EMERGENCY MEDICAID”
POU JWENN TRETMAN POU YON **KONDISYON MEDIKAL ANKA DIJANS**.*

**Men anjeneral yo PA elijib pou jwenn pwoteksyon asirans konplè oswa pwoteksyon asirans san rete atravè Medicaid.*

ESTATI IMIGRASYON W LAN **PAP** AFEKTE SI W APLIKE




KÒMAN M AP FÈ KONNEN SI M KAPAB JWENN EMERGENCY MEDICAID?

POU W JWENN EMERGENCY MEDICAID, OU DWE:

- ✓ Satisfè kondisyon pou revni yo
- ✓ Yon rezidan Eta New York (NYS)

SE PA TOUT BLESE GRAV OSWA MALADI KI KONSIDERE ANTANKE KONDISYON MEDIKAL DIJANS SELON LALWA!



EGZANP KE EMERGENCY MEDICAID
KAPAB KOUVRI SELON LALWA:

- KRIZ OPRESYON
- KANSÈ
- ESTWÒK
- KOMA
- BLESYON NAN TÈT
- KRIZ
- ENFEKSYON GRAV
- ENSIFIZANS KADYAK,
FWA OSWA RENAL
- TRANCHE AK
AKOUCHMAN KI
REPREZANTE YON
MENAS POU MANMAN AK
TIMOUN KI POKO FÈT LA





EGZANP KE EMERGENCY MEDICAID
KA PA KOUVRI SELON LALWA:

SÈVIS KI GEN RAPÒ AK TRANSPLANTASYON
(SÈTADI ÒGÀN)

KÈK MEDIKAMAN
KÈLKESWA KOTE PRESKRIPSYON
AN SOTI (SÈTADI SAL DIJANS)

NOU KAPAB EDE W TOU

EMERGENCY MEDICAID



ALE NAN YON SAL DIJANS OSWA KLINIK OSWA BLESİ OSWA MALADI!

YON DOKTÈ DWE DETÈMINE SI MALADI OSWA BLESİ W LA TE YON KONDISYON MEDIKAL DIJANS.

Yon moun gen yon "kondisyon medikal dijans" lè gen sentòm ki grav, tankou gwo doulè, oswa si sante w, ògàn ou yo oswa pati nan kò w yo kapab andomaje seryezman si w pa jwenn atansyon medikal imedyà.

ENSKRI LEPLI VIT KE POSIB PASKE:

- **Ou gen SÈLMAN yon peryòd 3 mwa** apre tretman pou ka dijans lan pou w kouvri pri a
- Emergency Medicaid pral peye pou depans yo sèlman apatide lè ou jwenn premye tretman w lan pou ka dijans ou an jiskaske l pa yon ijans ankò. Pou fanm ansent yo, Emergency Medicaid pral peye pri akouchman an.

KI LÒT BAGAY MWEN TA DWE KONNEN?

Aplikasyon an dwe ranpli fòmilè aplikasyon Emergency Medicaid la pou l ka pwouve li elijib finansyèman chak ane



Gen yon aplikasyon diferan pou moun **65 lane oswa ki pi aje, oswa pou moun ki gen yon andikap**



POU W JWENN ÈD POU APLIKASYON EMERGENCY MEDICAID OU A KONTAKTE:

- Estaf lopital la oswa sèvis sosyal yo ki trete aplikasyon Medicaid yo.
- **SI OU PA ASIRE** wè ak yon Konseye oswa yon Gid ki Sètifye nan domèn Aplikasyon k ap kapab konfime si w pa kalifye pou asirans epi tou k ap kapab sètifye w davans pou Emergency Medicaid.


Rele 311 OSWA VOYE MESAJ TÈKS GetCoveredNYC (orSeguroNYC) nan 877877 pou w jwenn gid kominotè ki pi pre w la.

OU GEN DWA POU W JWENN SWEN AK TRETMAN POU ESTABILIZASYON LÈ W BEZWEN ATANSYON MEDIKAL DIJANS!, KÈLKESWA KAPASITE OU GENYEN POU PEYE A!

NOU KAPAB EDE W TOU

PWOTEKSYON AK OPSYON POU W PEYE BÒDWO LOPITAL YO

TOUT MOUN KI ABITE NEW YORK GEN DWA POU YO JWENN TRETMAN MEDIKAL DIJANS OSWA KI PA IJAN.



Tout lopital nan Eta New York yo dwe rann asistans finansyè disponib pou moun ki pa gen okenn asirans sante oswa ki pa gen ase pwoteksyon asirans kèlkeswa estati imigrasyon yo (yo rele l tou Règleman pou Swen Charite).

Tout lopital yo dwe ofri swen a yon pri ki redwi pou moun ak fanmi ki kalifye pou jwenn asistans finansyè. Yo rele sa yon “**echèl frè varyab**”.

Pou swen ki pa ijan yo, moun ki abite New York ki pa gen pape yo kapab itilize Opsyon HHC yo, yon plan Health & Hospitals (sistèm lopital piblik) ofri ki etabli peman abòdab selon revni ou. Tanpri sonje se pa yon asirans.

- Pwogram nan paka sèvi andeyò NYC Health + Hospitals.



OU PRAL RESEVWA YON BÒDWO MEN LI KAPAB REDWI SELON RÈGLEMAN POU SWEN CHARITE LOPITAL LA

W AP JWENN PLUS PWOTEKSYON SI LOPITAL LA POU SWIV OU POU PEMAN

- Si ou te elijib pou Medicaid nan moman yo t ap bay sèvis yo, ou pa ta sipoze dwe anyen.
- Yon ajans rekouvremant lopital la anplwaye dwe swiv règleman pou swen charite a ak bay enfòmasyon sou kòman pou w aplike pou w jwenn asistans finansyè a.
- Yo dwe avèti w omwen 30 jou avan yo ale nan yon ajans rekouvremant. Piga ou pè rele lopital la oswa ajans rekouvremant an si ou resevwa yon lèt epi mande pou w jwenn asistans finansyè.
- Lopital la oswa ajans rekouvremant an PA kapab fòse w vann oswa poze sele sou rezidans prensipal ou a pou kolekte peman an.



KONTINYE NAN PWOCHEN PAJ LA

NOU KAPAB EDE W TOU

PWOTEKSYON AK OPSYON POU W PEYE BODWO LOPITAL YO

KONTINYE APATIDE PAJ AVAN AN

“LWA SIPRIZ LA (THE SURPRISE LAW)”

Se yon lwa leta ki pwoteje w kont bòdwo pou sèvis ak tretman andeyò rezo a- sa gen ladan l kèk sèvis pou ka dijans.

Se pou w pat okouran ke pwofesyonèl swen sante a pa nan rezo a oswa ke yo te refere w kay yon pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a san w pat okouran ou oswa san konsantman w.



MEN KISA OU DWE KONNEN

- Si ou pa gen pwoteksyon asirans, ou kapab anmezi pou w konteste bòdwo "sipriz" pou sèvis andeyò rezo a atravè yon pwosesis rezolisyon fòmèl pou kontestasyon w lan.
- Lwa a sèlman aplike pou bòdwo ki gen dat sèvis yo aprè 31 Mas 2015.

SI OU PANSE OU TE RESEVWA YON BÒDWO SIPRIZ, OU KAPAB JWENN ÈD NAN LIY ASISTANS DEFANSÈ SWEN SANTE KOMINOTÈ

888.614.5400

KISA OU DWE KONNEN AK KISA OU DWE SIVEYE?

- ✓ Si ou gen revni ki ba epi ou pa gen pwoteksyon asirans epi w ap resevwa swen antanke pasyan ki entène, lopital la oblije pale avèk ou pou w aplike pou Medicaid. Si lopital la pa mande w sa, oswa pa ede w aplike pou Medicaid, ou ka pa gen pou w peye bòdwo a.
- ✓ Pou w aplike pou asirans sante piblik, oswa pou yo plase w nan yon echèl frè varyab ou pral gen pou ranpli fòmèl aplikasyon ki nesèsè a nan lopital kote ou planifye jwenn sèvis swen sante yo.
- ✓ Lopital la dwe enfòmè w sou echèl frè varyab li a pandan admisyon an. Enfòmasyon yo dwe ekri tou sou bòdwo w la si w gen youn.
- ✓ Ou kapab mande pou w jwenn règleman sou echèl frè varyab lopital la ak yon kopi règleman swen charite yo ak fòmèl a. Chak règleman swen charite lopital yo diferan.
- ✓ Avi sou règleman balans frè varyab lopital yo dwe afiche tout kote nan lopital la.
- ✓ Lopital la paka retade fè evalyasyon pou yon pasyan ki nan yon sal dijans pou mande l si li gen mwayen pou l peye pou sèvis yo.
- ✓ Biwo doktè prive yo PA gen règleman pou echèl frè varyab yo.

NOU KAPAB EDE W TOU